



Chè fanmi,

Bon nouvèl—Rezilta pre-K yo disponib kounye a! Fanmi ki gen timoun ki fèt an 2019 ki te aplike nan delè 13 mas la ka wè lèt òf pre-K pitit yo a kounye a nan [MySchools](#) oswa lè yo

- Rele nou nan (718) 935-2009
- Kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#)
- Voye yon imèl ba nou nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov)

Lèt òf la ap gen ladan l ki kote pitit ou a resevwa yon òf pou ane lekòl 2023-2024 la. Li ka gen tou enfòmasyon sou lisdatant, si se ka a. Yon timoun ap sou lisdatant otomatikman pou tout pwogram ki klase pi wo nan aplikasyon l lan pase pwogram kote li resevwa òf la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou wè ak aksepte òf (se se ka a), gade [videyo](#) sa a.

**Delè pou aksepte òf ak enskri se 27 jen.** Sa p ap afekte chans ou pou jwenn yon òf sou lisdatant nan yon lòt pwogram pi ta. Nou ankouraje fanmi tou pou kontakte lekòl yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon sou enskripsyon ak sou pwochen etap pou otòn lan.

Èske w gen kesyon sou admisyon nan pre-K oswa ou bezwen sipò? Gen plis enfòmasyon nan [sitwèb](#) nou an, rele nou nan 718-935-2009, oswa ale nan [Sant Byenveni pou fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#).

Bon siksè,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp).

Si w pa vle resevwa imèl ankò ki soti nan youn oswa nan okenn lis imèl nou yo, [klike la a](#) pou retire non w sou lis.